ЩIэныгъэ тхыгъэ
УДК 811.352.3
DOI: 10.31143/2542-212X-2026-1-289-305
EDN: XBHYPV

# КЪЭБЭРДЕЙ-ШЭРДЖЭСЫБЗЭМ «ПСАЛЪАФЭ» ГУРЫIУЭГЪУЭМ ЩИIЭ ГЪУНАПКЪЭХЭР

**БищIо Борис Чэмал и къуэ**
Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институт – Федеральнэ къэрал бюджет щIэныгъэ IуэхущIапIэ «Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центр» Федеральнэ щIэныгъэ центрым» и филиал. Налшык, Урысей, bizhoev1952@mail.ru, https://orcid.org/0000-0001-8193-7126

**Аннотацэ.** Мы статьяр теухуащ адыгэ бзэщIэныгъэм и унэтIыныгъэ нэхъ зызымыужьахэм – фразеологием. Къалэн нэхъыщхьэу диIар адыгэбзэ фразеологизмэхэм, псалъафэкIэ дызэджэхэм я япэ классификацэр (гуэшыныгъэр) и фIагъи, щыщIэныгъэ илъэныкъуэкIи зэпкърытхыу а бзэм и занэхэм къызэщIаубыдэ гъунапкъэхэр пыухыкIауэ наIуэ къэтщIынырщ. Фразеологиер унэтIыныгъэ щхьэхуэ адыгэ бзэщIэныгъэм зэрыщыхъурэ куэд дыдэ щIакъым, абы лъабжьэ хуэхъуар Виноградов В.В. а гурыIуэгъуэм теухуауэ къыдигъэкIауэ щыта къэхутэныгъэхэрщ. Къыхэдгъэщащ япэ дыдэу адыгэбзэ псалъафэхэм тетхыхьахэр, абыхэм я лэжьыгъэм ноби иIэ мыхьэнэр зэрыиныр. Псалъафэхэм я щытыкIэм дыкъытеувыIащ, гуэша зэрыхъури дгъэнэIуащ. КъыжыIапхъэщ, иджырей литературэбзэм и псалъафэхэр гупышхуищу гуэша зэрыхъур: ФЗ зэхэжыхьахэр, ФЗ зэхэтхэр, ФЗ зэгъусэхэр, дэтхэнэ гупми езым и щхьэхуэныгъэ иIэжщ.
Ди гугъэщ мы статьяр адыгэ бзэщIэныгъэм и иджырей пщалъэхэм къезэгъ псалъафэ гуэшыныгъэ хъуну, вузхэмрэ курыт еджапIэхэмрэ я еджалъэхэм псалъафэхэм теухуа я Iыхьэхэр зэхэзылъхьэхэм къахуэщхьэпэну.
**Зэрыгъуазэ псалъэхэр:** фразеологизм, псалъафэ, гуэшыныгъэ, адыгэбзэ, критерий, компонент, егъэщхьыныгъэ, зэхэт, зэхэлъ, зэхэжыхьа.

**Цитатэ къызэрыхэпхынур:** БищIо Б.Ч. Къэбэрдей-шэрджэсыбзэм «псалъафэ» гурыIуэгъуэм щиIэ гъунапкъэхэр // Электронный журнал «Кавказология». – 2026. – № 1. – С. 289-305. – DOI: 10.31143/2542-212X-2026-1-289-305. EDN: XBHYPV.

© БищIо Б.Ч., 2026

Original article

# THE BOUNDARIES OF THE CONCEPT OF “PHRASEOLOGY” IN THE KABARDINO-CIRCASSIAN LANGUAGE

**Boris Ch. Bizhoev**
Institute of Humanitarian Researches – Affiliated Kabardian-Balkarian Scientific Center of the Russian Academy of Sciences Nalchik, Russia, bizhoev1952@mail.ru, https://orcid.org/0000-0001-8193-7126

**Abstract.** This article is devoted to phraseology, one of the underdeveloped areas of Kabardino-Cherkess linguistics. Our primary objective was to identify the strengths and weaknesses of the first

and only classification of phraseological units in this language, commonly referred to as "psalaf," and to define the precise boundaries of this concept in the Kabardino-Circassian language.

Phraseology emerged as a distinct field relatively recently, based on V.V. Vinogradov's research on Russian phraseological units. Following his classification, Kabardino-Circassian phraseological units of the literary language are divided into three groups: phraseological aggregations, phraseological combinations, and phraseological units. This article outlines the principles of this classification and highlights the specific features of each group.

This article describes the first works of Adyghe scholars on phraseology, emphasizing their continued importance today.

We hope that this article will not only become a more modern and adequate classification of phraseological units, but also form the basis for sections on them in university and school textbooks.

**Keywords:** phraseological unit, classification, Kabardino-Circassian language, criterion, component, comparative, combination, unity, fusion.

**For citation:** Bizhoev B.Ch. The boundaries of the concept of “phraseology” in the Kabardino-Circassian language. IN: Electronic journal «Caucasology». – 2026. – № 1. – P. 289-305. – DOI: 10.31143/2542-212X-2026-1-289-305. EDN: XBHYPV.

© Bizhoev B.Ch., 2026

Научная статья

# ГРАНИЦЫ ПОНЯТИЯ «ФРАЗЕОЛОГИЯ» В КАБАРДИНО-ЧЕРКЕССКОМ ЯЗЫКЕ

**Борис Чамалович Бижоев**

Институт гуманитарных исследований – филиал Кабардино-Балкарского научного центр Российской академии наук, Нальчик, Россия, bizhoev1952@mail.ru, https://orcid.org/0000-0001-8193-7126

**Аннтотация.** Статья посвящена одному из недостаточно сложившихся направлений кабардино-черенсского языкознания – фразеологии. Нашей основной задачей было выявление достоинств и недостатков первой и единственной пока классификации фразеологизмов указанного языка, где их принято обозначать термином «псалъафэ», и определить четкие границы этого понятия в кабардино-черкесском языке.

Фразеология стала отделным направлением сравнительно недавно, в его основу легли исследования В.В. Виноградова о русских фразеологизмах. Следуя его классификации, кабардино-черкесские фразеологические единицы литературного языка разделены на три группы – Фразеологические ращения, фразеологические сочетания, фразеологические единства. В статье обозначены принципы подобного разделения, освещены специфические черты каждой из групп.

В статье охарактеризованы первые труды адыговедов по фразеологии, подчеркнуто, что они и сегодня имеют важное значение

Надеемся, что данная статья станет не только более современной и адекватной классификацией фразеологизмов, но и основой разделов по ним вузовских и школьных учебников.

**Ключевые слова:** фразеологизм, классификация, кабардино-черкесский язык, критерий, компонент, компаратив, сочетание, единство, сращение.

**Для цитирования:** Бижоев Б.Ч. Границы понятия «фразеология» в кабардино-черкесском языке // Электронный журнал «Кавказология». – 2026. – № 1. – С. 289-305. – DOI: 10.31143/2542-212X-2026-1-289-305. EDN: XBHYPV.

© Бижоев Б.Ч., 2026

«Псалъафэ» («Фразеологизм») гурыIуэгъуэм кърагъэубыдым, абы къызэщIиубыдэу ябжым тещIыхьауэ Iуэхуеплъыкlэ зэмылIэужьыгъуэу щыIэ псор и гупитI ипщIыкI хъунущ: япэм хохьэ фразеологием и гъунапкъэхэм хуабжьу зезыгъэубгъухэр (Булаховский Л.А., Реформатский А.А., Галкинэ-Федорук Е.М., Ефимов А.И., Шанский Н.М.). Зи цIэ къитIуа щIэныгъэлIхэмрэ адрей абыхэм я телъхьэхэмрэ бзэм и фразеологие Iэмалхэм хагъэхьэ фразеологие занэ (фразеологическая единица) жыхуаIэхэм я закъуэкъым, атIэ абы дагъакIуэ псалъэжьхэри, псалъэ шэрыуэхэри, фIэщыгъэцIэ (термин) зэхэлъхэри, н.къ. ЕтIуанэ гупым (Ларин Б.А., Ожегов С.И., Бабкин А.М., Шведовэ Н.Ю., Амосовэ Н.Н., н.) фразеологием и къупхъэр куэдкIэ нэхъ Iузэу къащтэ: фразеологиеу абыхэм къалъытэр псалъэ зэпха зэхэжыхьахэу зы мыхьэнэ зэхьэкIа къэзыгъэхъухэр аркъудейщ, нэгъуэщIу жыпIэмэ фразеологием иджын хуейуэ абыхэм жыхуаIэр фразеологие занэхэм (адэкIэ гъэкIэщIауэ дотх: ФЗ) я закъуэщ икIи апхуэдэхэр нэгъуэщI псалъэ зэпхахэм хагъэзэрыхьыркъым.

Дауэ яубзыхурэ щIэныгъэлIхэм а ФЗ гурыIуэгъуэр?

Зэрыхабзэу, ФЗ-м и нэщэнэ пажэу ягъэув ар и мыхьэнэкIэ (къалэнкIэ) псалъэ щхьэхуэм зэрыпэхъур. А Iуэху еплъыкIэм тетщ Къардэн Б.М., Тхьэрыкъуахъуэ Ю. А., нэгъуэщIхэри. Къардэным фразеологизмхэм хегъэувэ зы псалъэу зэхэлъхэри, абы метафорэ хэлъу щытмэ. Псалъэм папщIэ, *хьэкIэпыч* «хьилэшы», «бзаджащIэ» псалъэхэм я синонимыр [Карданов 1968: 276].

Пэж дыдэу, псалъэхэмрэ фразеологизмхэмрэ лъэныкъуэ куэдкIэ зокIуалIэ (зэщхьщ), сыту жыпIэмэ япэрейхэми иужьрейхэми къагъэлъагъуэр а зы предметхэмрэ къэхъугъэхэмрэщ. Ауэ апхуэдэу щыт пэтми бзэм и системэм и занэ щхьэхуэхэщ а гурыIуэгъуитIыр. Абы и щыхьэту мы зыр къэдгъэлъагъуэмэ ирокъу: псалъэм цIэиIуэ (номинатив) мыхьэнэ зэхьэкIа иIэмэ, фразеологизмхэм яIэнкIэ хъунур зэхьэкIа-метафорэ мыхьэнэм и закъуэщ.

ФЗ-м и нэщэнэ хъуркъым «зэпыхауэ тха» жыхуиIэ бгъэдыхьэкIэри. Псом хуэмыдэу мыр адыгэбзэ пэжырытхэм къезэгъыххэркъым, сыту жыпIэмэ дэ зэпыту ттхыр псалъэ зэхэлъхэм я закъуэкъым, атIэ псалъэ зэпха куэди апхуэдэу дотх: *унэщIэ, уанэш*, н. къ. НэгъуэщI лъэныкъуэкIи зэпыхауэ дотх псалъэ зэхэлъ куэд: *гъуэщI гъуэгу, мэз джэд,* н.къ.

Аращи зэпыхауэ ттхы псалъэ псори псалъафэм (фразеологизмэм) хэбгъэхьэ хъунукъым, зэпыту ттхы псори зы псалъэу убж зэрымыхъунум ещхьыркъабзэу.

Псалъафэхэр адрей псалъэ зэмылIэужьыгъуэхэм къагуэзыгъэкI нэщэнэу къагъэлъагъуэхэм ящыщщ япэрейхэр зэхэжыхьауэ зэрыщытыр (урысыбзэкIэ – устойчивость компонентов). Балли Ш. итхыгъащ ФЗ-м и нэщэнэ нэхъыщхьэр абы хэт псалъэхэм я зэкIэлъыкIуэкIэр зы щытыкIэм зэритымрэ псалъэ хэтхэр езыхэр нэгъуэщI псалъэкIэ зэпхъуэкI зэрымыхъумрэ арауэ [Балли 1961: 98]. Ауэ, дызэрыщыгъуазэщи, ФЗ псори апхуэдэу зэхэжыхьар пэжкъым: япэрауэ, ФЗ-р зэрызэхэт псалъэхэм я зэкIэлъыкIуэкIэр нэхъыбэм зэблэбгъэувыкI мэхъу, н.ж. инверсиер ФЗ-хэм я кIуэцIкIи къыщагъэсэбэп (псом хуэмыдэу лэжьыгъэцIэ зыхэт ФЗ-хэм), етIуанэрауэ, ФЗ-м и Iыхьэ (компонент) языныкъуэхэр зэпхъуэкI мэхъу (псалъэм папщIэ, *и нэгум къищын – и нэгум къиIуэтэн; псым дагъэ техын – псым тхъу техын*), ещанэрауэ, факультатив компонент, н.ж. хэтми хэмытми хъуну псалъэ зиIэ ФЗ-хэм урохьэлIэ (*плъапIэ емытын – нэ плъапIэ емытын*).

Фразеологием елэжьхэр сыткIэ зэгурымыIуэми, ахэр псори зэрызэтехуэ щыIэщ: ФЗ-м и критериехэр щагъэнаIуэкIэ, абы и нэщэнэ нэхъыщхьэ дыдэхэм шэрыуагъэр, зэхьэкIа-метафорэ мыхьэнэр зэрыхагъэхьэрщ. Пэж дыдэуи, зэхьэкIа мыхьэнэуэ фIэкIа ФЗ-р къагъэсэбэпыркъым. Ауэ итIани а зы нэщэнэмкIэ ФЗ-р пхуэубзыхунукъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ зэхьэкIа мыхьэнэ нэгъуэщI бзэ занэхэми яIэщи. Псалъэм папщIэ, псалъэ закъуэхэми.

Зы мыхьэнэуэ щытыныр е н.ж. зы мыхьэнэ зэкъуэпч мыхъу иIэныр нэхъ нэщэнэ пажэу къызэралъытэмкIи зэтохуэ бзэщIэныгъэлIхэр. А нэщэнэм ирапх зы бзэм и ФЗ-р нэгъуэщIыбзэкIэ а зэрызэхэт дыдэм хуэдэу зэрыпхузэмыдзэкIыр [Булаховский 1953: 33].

АрщхьэкIэ, мыбдежи къыщыхэгъэщыпхъэщ зы мыхьэнэ зэкIэщIэпч мыхъу псалъэ зэхэлъхэми зэраIэр (*гъуэщI гъуэгу, мэз джэд,* н.къ.).

Еджагъэшхуэ куэдым ФЗ-м и нэщэнэхэм хабжэ ахэр щыпсалъэкIэ къамыгъэщIу хьэзыру къащтэурэ къызэрагъэсэбэпыр. Пэжщ, а нэщэнэ дыдэр яIэщ псалъэжьхэми, псалъэ шэрыуэхэми, ауэ абы щхьэкIэ псалъэжьыр, гупсысэ, ущие нэгъэса зыхэлъыр, ФЗ хъуркъым, IуэрыIуатэм и зы жанр лIэужьыгъуэу аращ. Хьэзыру бзэм хэтщ фIэщыгъэцIэ (термин) зэхэлъхэри, цитатэхэри, уеблэмэ куэдрэ къагъэсэбэп псалъэ зэгъусэ хуитхэри.

Зэрытлъагъущи, критерий къэтхьахэм ящыщу зыми хузэфIэкIыркъым и кIэм нэсу фразеологизмхэмрэ мыфразеологизмхэмрэ зэхигъэщхьэхукIын. Ауэ ФЗ-м и гъунапкъэхэр умыгъэбелджылауэ, ахэр классификацэ пщIыну упэрыхьэкIэ къикIын щыIэкъым. Абы къыхэкIкIэ Адыгейм щыщ бзэщIэныгъэлI Щауэ А. А. фIэкъабылщ фразеологизмэр зищIысыр мыпхуэдэу убзыхуныр: фразеологизмэр – ар бзэ системэм и занэщ, псалъитIу е нэхъыбэу зэхэту икIи ар зэрызэхэт Iыхьэхэм (компонентхэм) я мыхьэнэхэм зэрызахъуэжым и хьэкъкIэ дэ ди нэIуасэ предметхэр (къэхъугъэхэр) шэрыуэу ди нэгу къыщIагъэувэу [Шаов 1980: 40]. Апхуэдэ еплъыкIэм ипкъ иткIэ адыгэбзэ ФЗ-хэр гупитIу бгуэш хъунущ: 1) ФЗ зи мыхьэнэр зэрыщыту зыхъуэжа; 2) ФЗ зи мыхьэнэр зымыхъуэжыпа [Шаов 1980: 41]. Мы гуэшыкIэ лIэужьыгъуэм утехьэмэ, езы Щауэм къызэригъэлъагъуэщи, компаратив ФЗ жыхуаIэхэр хэзагъэркъым, сыту жыпIэмэ егъэщхьыныгъэ зэхыхьэхэм (ахэращ компаратив ФЗ-уэ ялъытэр) я компонентхэм я мыхьэнэхэм захъуэжыркъыми. Ауэ щIэныгъэлIхэм шэч къытрахьэркъым егъэщхьыныгъэ зэхыхьэхэр ФЗ зэрыхъуну гъуэгум зэрытетым. Псом хуэмыдэу ахэр ФЗ-м и гъунэгъу мэхъу егъэщхьыныгъэ псалъэзэпыщIэр (*хуэдэу//ещхьу*) япыхуа нэужькIэ.

Нэхъ классификацэ «цIэрыIуэу» адыгэ фразеологием мызыгъуэгукIэ диIэр Къардэн Б.М. и монографием щригъэкIуэкIаращ. Къардэн Бубэ класссификацэ лIэужьыгъуищ ди пащхьэм кърелъхьэ. Япэр тегъэпсыхьащ Виноградов В.В. урыс фразеологием хузэхилъхьам. Абы ипкъ иткIэ ФЗ-хэр я компонентхэр зэрызэхэжыхьам (е зэрызэрыубыдам) и мардэм тещIыхьауэ гупищу ягуэш: фразеологическое сращение, фразеологическое единство, фразеологическое сочетание.

ЕтIуанэ классификацэр – тематическэр – езы Къардэнми къызэрыхигъэщащи, къыгуэхыпIэ имыIэу пыщIащ мыхьэнэм, абы пищэу жыпIэ хъунущ [Карданов 1973: 100]. Ауэ абы къызэрыщхьэщыкI нэщэнэхэри иIэщ.

Ещанэ классификацэр – зэхэлъыкIэ-граммматикэр – езым и цIэми къызэригъэлъагъуэщи, зыхуэунэтIар ФЗ-р зэрызэхэт Iыхьэхэр (псалъэхэр) зыщыщ псалъэ лъэпкъыгъуэкIэ гуэшынырщ.

Фразеологием и классификацэу сыт хуэдэ бзэми мызыгъуэгукIэ щызекIуэр мыхэр арщ. Пэжщ «тематикэ» классификацэм хуэмыныкъуэу, абы къикIышхуэ щымыIэу къалъытэ щIэныгъэлIхэм я нэхъыбапIэм. Ар икIи щхьэусыгъуэншэкъым: япэрауэ, ар, зэрыжытIащи, мыхьэнэм ещхьщ зыкъомкIэ, абы къыхэкIыуи, а классификацэ лIэужьыгъуитIыр щыпщIкIэ, ухуей-ухуэмейми, зыгуэрхэм щIэрыщIэу къытегъэзэжын хуей мэхъу; етIуанэрауэ, «мыпхуэдэ псалъэхэм нэхъыбэрэ ФЗ-хэм ущрохьэлIэ, мыпхуэдэхэр куэдрэ ФЗ-хэм къахэхуэркъым» жыпIэкIэ бзэщIэныгъэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэу пхужыIэнукъым, мыр статистикэм нэхъ ехьэлIауэ пIэрэ жыбоIэ.

Классификацэ зи гугъу тщIахэм ящыщу нэхъ гупсэхуу дыкъытемыувыIэу хъунукъым мыхьэнэр зи лъабжьэм, сыту жыпIэмэ мыр къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ ФЗ-р езыр зищIысыр зэхэгъэкIыным, ФЗ-м и гъунапкъэхэр убзыхуным.

Мы классификацэ лIэужьыгъуэмкIэ Къардэн Бубэ тегъэщIапIэ ищIыр Виноградов В.В. и лэжьыгъэ цIэрыIуэрщ. ДауикI, ар нэуфIыцIщхьэрыуэу урысыбзэм хужаIа псори адыгэбзэм иригъэзэгъыну яужь ихьакъым, апхуэдэу пщIыну ухуежьэкIи къикIынуIакъым, сыту жыпIэмэ урысыбзэмрэ адыгэбзэмрэ я ухуэкIэр хуабжьу зэпэжыжьэщ. Къардэным Виноградовым ейуэ къищтар абы къигъэщIа (къигупсыса) ФЗ гупищырщ: фразеологическое сращение – фразеологие зэхэжыхьа; фразеологическое единство – фразеологие зэхэт; фразеологическое сочетание – фразеологие зэгъусэ. Мы щым Къардэн Б.М. еплIанэу ядыщIегъу «фразеологиеу щымыт псалъафэхэр», ауэ а гупыр фразеологиеу щыщымыткIэ, дэ я гугъуи дымыщIу къэдгъэнэнущ.

## 1. ФЗ зэхэжыхьахэр

Я цIэми къызэригъэлъагъуэщи, мы гупым хагъэхьэр псалъэ зырызу зэкIэщIэпчыж мыхъу, зи мыхьэнэми мотивацэ имыIэ ФЗ-хэрщ. Мы гупыр езыри нэхъ гуп цIыкIу зыбжанэу ягуэшыж, зыхэщIэ (экспрессие) яхэлъым и инагъым, компонентхэр зэрызэпыщIа Iэмалхэм, я зэхэлъыкIэм, компонент зэрызэхэтхэм (компонент къэс я мыхьэнэм), н. къ. елъытауэ. Компонентхэр зыр адрейм къыкIэрыпчыж зэрымыхъум къыхэкIкIэ, абыхэм езыхэм мыхьэнэ щхьэхуэ яIэжкъым, н. ж. мыпхуэдэ ФЗ-р и мыхьэнэкIэ зы псалъэм пэхъу хабзэщ. ФЗ зэхэжыхьахэм щхьэкIэ «идиомэ» фIэщыгъэцIэри къагъэсэбэп, ауэ мыбы нэгъуэщI гурыIуэгъуэхэри къызэщIрагъэубыдэ зэрыхъум къыхэкIкIэ «ФЗ зэхэжыхьар» нэхъ пыухыкIащ. Иджы ФЗ зэхэжыхьахэр зэрагуэшыж нэхъ гуп цIыкIухэм я гугъу тщIынщ.

### 1.1. Омоним яхуэхъу псалъэ зэпха зимыIэ ФЗ зи мыхьэнэр зэхэжыхьахэр

Мыбы хыхьэ ФЗ-хэм я нэхъыбэр зэхэтщ «цIэ + лэжьыгъэцIэу». Апхуэдэ ФЗ-хэм зы мыхьэнэи, мыхьэнэ зыбжани яIэнкIэ мэхъу, ауэ, хабзэу зэрыщытщи, мыбыхэм экспрессие (зыхэщIэ) яхэлъкъым:

**нэ ищын.** ХэубыдыкIын, мурад гуэр хуэщIын. *Шужьей бий сатырхэр кIуэцIрищIыкIыурэ хуокIуэ **нэ зрища** пщIэгъуалэ шум* («Нартхэр»).

Мы гупым я мыхьэнэкIэ йокIуалIэ «цIэ + цIэ» жиIэу зэхэт ФЗ-хэри:

**джэду хьэжы**. Iэдэбыфэ, сабырыфэ зытезыгъауэ, ауэ ипэжыпIэкIэ апхуэдэу щымыт.

### 1.2. Псалъэ зэгъусэ хуитуи къагъэсэбэп псалъафэхэр

Псалъэ зэпха хуиту къыщагъэсэбэпым деж апхуэдэхэм ФЗ-м хуаIуэху щыIэкъым, ахэр ФЗ-хэм омоним яхуэхъу къудейуэ аращ.

**тхъу щыхуэн**. Мыр къикI дыдэмкIэ къэбгъэсэбэпмэ (*дэлэным тхъу щахуащ*), псалъэ зэгъусэ къызэрыкIуэщ. Мыхьэнэ зэхьэкIа иIэу къэбгъэсэбэпмэ, «зыгуэрым фIэфI, и гуапэ хъун гуэр хуэщIэн, жеIэн» мыхьэнэ зиIэ ФЗ-щ. *Хьэжмурат и гуапэщ и фызым **тхъу къызэрыщихуэр*** (Щомахуэ А.).

Мы гупым «цIэ+лэжьыгъэцIэу» зэхэт ФЗ-хэм нэмыщI мащIэу хэтщ «цIэ+плъыфэцIэ», «цIэ + IуэхуцIэ» ухуэкIэ зиIэ ФЗ-хэри:

**адакъэ лъэджажэ.** Адакъэм ехьэлIамэ, и мыхьэнэр гурыIуэгъуэщ. ЦIыхум щыхужаIэм деж мыбы къокI: «теплъэ щIагъуэ зимыIэ, ауэ зызыгъэщIагъуэ, зызыгъэбэлыхь». Мыр нэхъыбэу зэхьэлIар цIыхухъу лъахъшэ зи пэр дэгъэзеяхэрщ.

### 1.3. Зи мыхьэнэр гурыIуэгъуей (мыгурыIуэгъуэ) хъуа компонент (псалъэ) зыхэт ФЗ

Мыбыхэм «некротизм» цIэмкIи йоджэ [Амосова 1963: 184]. Зэрызэхэт елъытакIэ бгуэш мэхъу «цIэ+ лэжьыгъэцIэ», «цIэ +цIэ» жиIэу.

а) «цIэ + лэжьыгъэцIэ» зэхэлъыкIэ зиIэ некротизмэхэм мыгурыIуэгъуэр, зэрыхабзэу, цIэ Iыхьэр аращ:

**хьэгъунэ къыдэмыгъэплъын.** Зыгуэрым текIуэн, хуабжьу ефIэкIын, ауэ жыжьэу зыщIэрымыгъэхьэн. *Уи фIэщ хъун, ди «Кабардинкэ» ансамблым хэт нэхъ Iэзэ дыдэр **хьэгъунэ къыдэзмыгъэплъу** сщIырт ислъэмейр* (Нало А.).

б) «цIэ + цIэ» жиIэу зэхэт некротизмэм и дэтхэнэ цIэри (япэ итри иужь итри) мыгурыIуэгъуэу щытынкIэ хъунущ. ИтIанэ цIэ защIэу зэхэт некротизмэхэм, лэжьыгъэцIэ зыхэтхэм къащхьэщыкIыу, экспрессие нэхъ яхэлъщ.

**джэдыгу пIаргъ.** Теплъэ щIагъуэ зимыIэ цIыху, факъырэу хуэпа.

Къардэн Бубэ мы гупым хегъэхьэ нэгъуэщIыбзэ псалъэ зыхэт ФЗ-хэр, псалъэм папщIэ «Алыхь Iэмыр» жыхуиIэр [Карданов 1973: 46]. Ауэ мыр езыр ФЗ-уэ ди фIэщ хъуркъым, диным епха фIэщыгъэцIэу фIэкIа. АдэкIэ щапхъэхэм яхэтщ зи IукIэр литературэбзэм темыхуэ (фонетикэ лIэужьыгъуэ) псалъэ зыхэт жыIэгъуэхэр.

**тхьэ дыгъэIэ** (тхьэ дыгъаIуэ), **IэпIохуэ хуэщIын** (сабиибзэкIэ: IэплIэ хуэщIын) [Карданов 1973: 47]. Мы иужьрейр аналитикэ гъэпсыкIэ жыхуаIэм хуэдэу аращ, ФЗ-къым. ИтIанэ сабиибзэ псалъэмрэ псалъэ гурыIуэгъуейхэмрэ зэхэбгъэгъуащэ хъуну ди гугъэкъым.

### 1.4. Зи щхьэ хущымытыж пкъыгъуэу (компоненту) еигъэ аффикс, «зы» бжыгъэцIэ, псалъэужь, псалъэкIапэ зыхэт ФЗ-хэр

Мыпхуэдэхэм я нэхъыбэм экспрессие яхэлъкъым:

**зы мэскъалкӀэ.** ЗыкӀи, зыуи, тӀэкӀунитӀэ. *Биболэт* ***зы мэскъалкӀэ*** *и щхьэр яхуигъэлъахъшэркъым и бийхэм* (КӀэрашэ Т.).

## 1.5. МакъыцӀэ, зэрызыпащӀыж псалъэ хэту къэхъу уасэхуэщӀ-зыхэщӀэ ФЗ-хэр

Мыпхуэдэхэм хэт зи щхьэ хущытыж псалъэ лъэпкъыгъуэхэми я лексикэ мыхьэнэр яфӀокӀуэдри абыхэмрэ модрей макъыцӀэ е зэрызыпащӀыж псалъэ ящӀыгъухэмрэ зыуэ зэхопсыхь. Мы гупым хыхьэ язынықъуэ ФЗ-хэр псалъэухам хэдзэ псалъэу, хэдзэ псалъэ зэпхауэ хоувэ. Щапхъэ:

**сымыгъуэ Ӏей.** *Ана!* ***Сымыгъуэ Ӏей****, сыт а жыпӀэр?* (ХьэхъупащӀэ Хь.).

**1.6.** Еханэ гупу Къардэн Б. М. къыхигъэщхьэхукӀыр «цӀэ компонентым лэжьыгъэцӀэ компонентым и мыхьэнэр зыщӀишэу къэхъу ФЗ-хэрщ». Мыпхуэдэхэм хэт лэжьыгъэцӀэр нэгъуэщӀ псалъэхэм япымыувэу аращ жиӀэр [Карданов 1973: 50]. Ауэ щапхъэ къихьхэм я нэхъыбэр а жиӀэм хуэмыкӀуэу къытфӀощӀ. Псалъэм папщӀэ, *уэрэд усын* щапхъэм хэт *усын* лэжьыгъэцӀэр нэгъуэщӀ псалъэхэм япыувэркъэ? Девгъэплъыт: *гъыбзэ усын, пцӀы упсын, дзы усын,* н.къ. Аращи, апхуэдэ нэщэнэкӀэ мыр ФЗ хъуркъым. Ауэ абы и закъуэкъым: *уэрэд усын* жиӀэмэ, лэжьыгъэ пыухыкӀа къигъэлъагъуэу аращ, мыбы мыхьэнэ зэхьэкӀаи хэлъкъым, шэрыуагъи къигъэлъагъуэркъым, н.ж. мыр лэжьыгъэцӀэ псалъэ зэхэлъу фӀэкӀа, фразеологизмэкъым. «Усын» лэжьыгъэцӀэр хэту къэтхьа щапхъэхэм щыщу ФЗ нэщэнэ зиӀэр *дзы усын* жыхуиӀэращ, «зыгуэрым никъусаныгъэ, дагъуэ къыхуэбгъуэтурэ, хъуэн хузэхэлъхьэн, хузэгъэпэщын» мыхьэнэ иӀэу [Бэрбэч, БищӀо, ӀутӀыж 2001: 64].

Ардыдэращ хужыпӀэ хъунур мы къэкӀуэну щапхъэхэми: *цӀэ фӀэщын, нэщӀ исын, фэлъыр ишын, Ӏэнэ щтэн (мэкъур)*. Мы псори ФЗ-къым. Къардэным къихь щапхъэхэм ящыщу ФЗ зыхужыпӀэ хъунур мыхэращ:

**пащхьэр къожэх**. Пэр машхэ.

**фӀыншэ щӀэлъхьэн.** Зыгуэрым упэплъэурэ хуабжьу уешын, уи щхьэр бужэгъун.

Мыбыхэм мыхьэнэ зэхьэкӀа яӀэщи шэрыуэ мэхъу, ФЗ нэсыр Ӏэмал имыӀэу зэрыщытын хуейм хуэдэу.

## 1.7. Хьэл къалэн зыгъэзащӀэ ФЗ зэхэжыхьыпахэр

Мыхэр ӀыхьитӀуи, нэхъыбэуи зэхэтхэщ, нэхъыбэм лэжьыгъэцӀэ пыухыкӀа гуэр къапоувэ, ауэ ар нэгъуэщӀ лэжьыгъэцӀэ псалъэхэмкӀи зэпхъуэкӀ щыхъур мащӀэкъым.

**напэ хужькӀэ**. ПэжыгъэкӀэ, напэ уиӀэу, уи щӀыхьыр мыулъийуэ. *[Хьэбибэ:] Сэри Темыркъан мыгъуэм сыхуэзэжмэ,* ***напэ хужькӀэщ*** *сызэрыхуэзэжынур* (КӀыщокъуэ А.).

Хьэл хъу ФЗ гупым яхэтщ зи мыхьэнэр мыгурыӀуэгъуэж псалъэ компоненту зиӀэхэри:

**табу щхьэщэщкӀэ (лъэӀуэн).** Хуабжьу, пыӀэщхьэрыхкӀэ. *Махуэ къэскӀэ а шу гъэщӀэгъуэныр кърригъэблэгъэну хъаныр* ***табу щхьэщэщкӀэ*** *елъэӀурт* («Къэбэрдей таурыхъхэр»).

### 1.8. Егъэщхьынигъэ (компаратив) ФЗ-хэр

Егъэщхьынигъэ ФЗ-хэр адыгэбзэм куэд щыхъу щхьэкIэ, абыхэм ящыщу мащIэщ ФЗ зэхэжыхьахэм хыхьэр. А хыхьэхэр гупитIу зэщхьэщыпх хъунущ: а) псалъэ зэрызэхэтхэм я мыхьэнэр зэхэплъхьэжмэ, абырэ езы ФЗ-м зэрыщыту иIэ мыхьэнэмрэ зэтемыхуэу; б) цIэ, фIэщыгъэцIэ (инэхъыбэр къыздикIар ямыщIэжу) зэхэтхэр.

а) **тхьэмахуэ уэрэду**. Мыхьэнэншэу, зыри имыщIысыжу. ***Тхьэмахуэ уэрэду*** *дыкъыщIидзыжакъэ?* («Iуащхьэмахуэ»).

Егъэщхьынигъэ (елъытынигъэ) ФЗ-хэр къызытекIыр, зэрыгурыIуэгъуэщи, егъэщхьынигъэ (елъытынигъэ) зэхыхьэхэрщ. Ахэр адыгэбзэм къыщохъу *ещхьу, хуэдэ(у)* псалъэзэпыщIэхэмкIэ е ахэр ящIымыгъуу. Псалъэм папщIэ, жыпIэ мэхъу: *бэзэрым къызэрытекIауэ* е *бэзэрым къызэрытекIам хуэдэу.* Апхуэдэ вариантхэр зэрыщыIэр Къардэн Б. къегъэлъагъуэ [Карданов 1973: 53], ауэ абы къелъытэ тIум щыгъуэми ахэр ФЗ-уэ. А IуэхуеплъыкIэр зымыдэхэри щыIэщ. Псалъэм папщIэ, Щауэ А. зэрыжиIэмкIэ, псалъэзэпыщIэхэм егъэщхьынигъэ мыхьэнэр щIагъэхуабжьэри зэхыхьэр ФЗ-м хуэкIуэным зэран хуохъу. Абы къыхэкIкIэ, псалъэзэпыщIэ зыхэт зэхыхьэхэм шэрыуагъ яхэлъми, ахэр ФЗ нэс хъуркъым. ПсалъэзэпыщIэхэр щапыхум деж зэхыхьэхэр контекстым стиль илъэныкъуэкIэ ФЗ-м щигъунэгъущ. Ауэ мыпхуэдэ зэхыхьэхэр ФЗ нэс хъуауэ убж щыхъунур егъэщхьынигъэ мыхьэнэр яфIэкIуэдыпа нэужьщ. Апхуэдэ гъуэгукIэ къэхъуа ФЗ-хэр ди бзэм хэтщ: *шэ цIынэ къыIурож* ФЗ-р («иджыри балигъ хъуакъым» мыхьэнэ зиIэр) зэгуэр къытекIащ *шэ цIынэ къыIурыжым хуэдэу* зэхыхьэм [Шаов 1988: 173-174].

б) ЦIэ, фIэщыгъэцIэ зыхэт егъэщхьынигъэ ФЗ-хэр щIыпIэ пыухыкIа гуэрым къыщежьэри итIанэ заубгъуауэ аращ. Абыхэм яхэт цIэ, фIэщыгъэцIэхэр зэхьэлIар нэхъыбэм ящIэркъым, уеблэмэ езы къыщежьа щIыпIэми щащIэжыркъым. Щапхъэ:

**ХьэфIыцIэ и къыдыру** (гъэлъэн). Дуней егъэлъагъун, хурикъун. *УмыпIащIэ, уи Iэтащхьэр къэсынщи **ХьэфIыцIэ и къыдыру** уигъэлъэнщ* (КIыщокъуэ А.).

Мы ФЗ лIэужьыгъуэм егъэщхьынигъэу хэт цIэхэм, зэрыхабзэу, зы лэжьыгъэцIэ псалъэ пыухыкIа ящIыгъуу къагъэсэбэп: *Ашэбей гъуэншэджу **зэхэзэрыхьащ**; нысэшхуэ и мастэу **егъэбакъуэ**; Марос и Iэпэу **зэхэзэрыхьыжащ**; Щхьэлыкъуэ хыву **и пэр дрегъэзей**,* н.къ.

### 1.9. Зэзыпх зэпхыкIэ зиIэ ФЗ-хэр

Зы мыхьэнэ яIэу зэпха псалъэ зэгуэгъуитIщ нэхъыбэм мыхэр. Мы ФЗ лIэужьыгъуэр щиубзыхукIэ, Къардэн Б. и тхылъым зыгуэрхэр щызэхэзэрыхьу ди гугъэщ. Псалъэм папщIэ, езы авторми зэрыжиIэщи, мыбы хигъэхьэ щапхъэхэм куэду яхэтщ лэжьыгъэцIэ псалъэ пыухыкIа щIыгъуу фIэкIа къамыгъэсэбэпхэр. Ауэ щыхъукIэ апхуэдэ лэжьыгъэцIэри ФЗ-м и Iыхьэу къэлъытэн хуейщ Iэмал имыIэу. Псалъэм папщIэ, *уэгъури чыхури* жыпIэкIэ ФЗ ирикъуркъым, абы *гурымыIуэн* лэжьыгъэцIэр имыгъусэмэ:

**уэгъури чыхури гурымыIуэн.** Къэгубжьауэ, зыри хэмызэгъэжу, яхуэмыгъэбэяужу щытын. *Мухьэбыр хъийм икIащи,* ***уэгъури чыхури къыгурыIуэжыркъым*** (ЩакIуэ Т.).

Мы дэ къызэрытхьам хуэдэущ мы ФЗ-р иужьу къыдэкIа Адыгэбзэ фразеологизмхэм я псалъалъэм зэрыкIуар (Налшык, 2001, н. 167), тэмэмри аращ, дэ къызэрытлъытэмкIэ. Иджыри щапхъэхэмкIэ зэтлъытынщ Къардэн Б. и тхылъымрэ зи цIэ къитIуа псалъалъэмрэ мы ФЗ лIэужьыгъуэр къызэрыщахьыр:

| | |
|---|---|
| ***Къардэным:*** | ***Псалъалъэм:*** |
| **кIуапIи жапIи** | **кIуапIи жапIи емытын** |
| **ижьи сэмэгуи** | **ижьи сэмэгуи зыхуэщIын** |

Дэ шэч къытетхьэркъым мы ищхьэкIэ къыщытхьа щапхъэ псом я дежи Псалъалъэм и вариантхэр нэхъ зэрыпэжым.

ЩыIэщ, дауикI, лэжьыгъэцIэ псалъэ хэмытуи шэрыуагъ хэлъу ФЗ хъу псалъитI зэгуэгъухэр: *Iыхьлыи лыджани, бжэныцрэ хьэцыпэу,* н.къ. мыбыхэм япэгъунэгъущ зэлъэгъэIэс къалэн зыгъэзащIэ мыпхуэдэ ФЗ-хэри: *си мыIуэхущ, си мыдэлъщ; е къамылкъым, е мылыфкъым*, н.

## 1.10. Зи мыхьэнэр зимыIэж псалъэхэу зэхэт бзэм и штампхэр

Мыхэр гупитIу зэпыбуд мэхъу, уасэхуэщI-шэрыуэу щытрэ щымытрэ елъытауэ.

а) уасэхуэщI-шэрыуэу щытхэм и щапхъэ:

**уи псэщ ар!** Щыгугъ! (КъохъулIэнкIэ Iэмал зимыIэм и ужь ихьэм, пцIы нэрылъагъу зыупсым жраIэ псалъафэщ). ***Уи псэщ ар*** *– аргъынэ мыIэнауэр пIэт зэрыхъун! – губжьащ къуэш нэхъыжьыр* (IуэрыIуатэ).

**НэгъуэщI мыхъуми.** ЩымыхъужкIи. ***НэгъуэщI мыхъуми*** *мо уи адэжьым и хьэтыр лъагъуи ди лъэIур къытхуэщIэ* («Таурыхъхэмрэ хъыбархэмрэ»).

## 1.11. Псалъэухам къыпхухэмыгъэкI е къыхэбгъэкIыну гугъу дыдэ ФЗ-хэр

Мы гупыр епщIанэ гупым хэт ФЗ-хэм йокIуалIэ, ауэ мыхэр псалъэухам хэту фIэкIа, я закъуэ къыпхуэгъэсэбэпыркъым. Девгъэплъыт, псалъэм папщIэ, мы псалъэухам:

*Уэ езыр хэт и гупкIэ узэрысыр?*

«и гупкIэ узэрысыр» жыхуиIэм и мыхьэнэр «хэт узыдэщIыр, хэт узителъхьэр?» жиIэу аращ. Мы ФЗ-р къытепщIыкIащ «зи гупкIэ исым и уэрэдым ежьу» псалъэжьым. Контекстым хэмытмэ, абы и мыхьэнэр къыбгурыIуэнукъым. Мис нэгъуэщI зы щапхъи:

*Аркъым, тIасэ, дэ уи* ***пэщхъыным дыкъихуа*** *уи гугъэрэ?* («Iуащхьэмахуэ»).

«пэщхъын къихун» псалъэ зэпхар ФЗ щыхъур псалъэухам хэтмэщ.

## 1.12 ЩIыпIэцIэ е цIыхуцIэ зыхэт ФЗ-хэр

Мы гупым Къардэн Б. хегъэхьэ щIыпIэцIэ е цIыхуцIэ зыхэт ФЗ-хэр [Карданов 1973: 58]. ИщхьэмкIи мыбы хуэдэ гуп къыщыхьащ (1.8.). Ауэ ахэр егъэщхьыныгъэ зэхыхьэмэ, мыбдеж къыщихь щапхъэхэр псалъэжь мыхьэнэм нэхъ хуокIуэ:

**хъыцыжь и уджым хэтын.** Делагъэм, Iуэху мыхьэнэншэхэм зыдегъэхьэхын, Iуэхуншэу хьэулеин.

## 1.13. Зы мыхьэнэ зэкъуэт иIэу псалъэжь щIыкIэу къагъэсэбэп ФЗ-хэр

Мыпхуэдэ ФЗ-хэм я мыхьэнэр куэдым я дежкIэ гурыIуэгъуэкъым:

**Тэрч кхъуэ исыкIащ.** ЗыщIэмыупщIапхъэ щIэупщIам ауаныщIу ират жэуапщ.

## 2. ФЗ зэхэтхэр

ФЗ зэхэтхэмрэ ФЗ зэхэжыхьахэмрэ дапщэщи зэхэгъэкIыгъуафIэкъым, ахэр зыкъомкIэ зэкIуалIэу зэрыщытым къыхэкIыу. Мы тIуми хыхьэ ФЗ-хэр мыхьэнэкIэ зэхэшыпсыхьауэ щытщ. ЗэрызэщхьэщагъэкIыр ФЗ зэхэтхэм деж псалъэ къэс я мыхьэнэри зэрахъумэжырщ. ФЗ зэхэжыхьахэм я мыхьэнэр къытекIауэ щымытмэ, ФЗ зэхэтхэм я мыхьэнэр къытекIащ. ФЗ зэхэтхэм я нэхъыбапIэм метафорагъ яхэлъщ. ИтIанэ мыбыхэмрэ омоним къахуэхъу псалъэ зэгъусэ хуитхэмрэ яку дэлъ зэпыщIэныгъэр къызэтонэ.

ФЗ зэхэтхэри гуп-гупурэ ягуэш. Дриплъэнщ апхуэдэ гупу адыгэбзэ ФЗ-хэм Къардэн Б. къахигъэкIхэм.

### 2.1. Мыхьэнэ зэхьэкIа зиIэ ФЗ-хэр

Мыр нэхъ гуп цIыкIуитIу егуэшыж: и зы псалъэм мыхьэнэ зэхьэкIа иIэу; псалъитIми мыхьэнэ зэхьэкIа зэкъуэт къагъэхъуу.

а) Зи зы псалъэм мыхьэнэ зэхьэкIа иIэхэр:

**шэщIэху хъыбар.** Зи пэжагъым дзыхь тепщIэ мыхъуну хъыбар.

Мыбы и къежьапIэр: фызхэр зыщIыпIэ (шэщIэху машинэ зиIэ унагъуэм) щызэхуэсауэ шэ щыщIахукIэ, куэдым я щхьэфэ иIэбэу, ящIэми ямыщIэми тепсэлъыхьу зэрыуэршэрхэрщ. Мы ФЗ-р къызэрежьэрэ куэд зэрымыщIар нэрылъагъущ: шэщIэху машинэ адыгэ къуажэхэм къыщыдыхьар XX лIэщIыгъуэм и пэхэрщ. Мы ФЗ-м синоним иIэщ: «фыз хъыбар».

б) Зи компонентхэм зэгъусэу мыхьэнэ зэхьэкIа къагъэхъу ФЗ-хэр:

**Iэбжьанэ фIей**. ДыгъуакIуэ, хамэ мылъку зэзылъэфалIэ.

### 2.2. Шэрыуагъ-зыхэщIэ мыхьэнэ наIуэ зиIэ ФЗ-хэр

Ипэ ит гупым мыхэр къазэрыщхьэщыкIыр къызытекIа псалъэ зэгъусэ хуитхэм пыщIэныгъэ зэрыхуаIэр аращ:

**пащIэр хуэупсын.** Хурикъун, хуэфI хъун, и напэр техын.

Мы мыхьэнэр къызытекIар: пащIэр лIы нэсым и нэщэнэу ябжырти, ар лъэщыгъэкIэ зыгуэрым фIаупсамэ, абы и напэр трахауэ арат.

**[и] фэр техын.** Гугъу егъэхьын, гъэбэмпIэн.

### 2.3. Фразеологием щыхэтым фIэкIа апхуэдэ мыхьэнэ зимыIэ псалъэ зэхэт ФЗ

**илъэс хъурей.** Илъэс псо. «Хъурей» псалъэм «псо», «ирикъу» мыхьэнэ щигъуэтыр «илъэс» псалъэм щыщIыгъум дежщ.

**псалъэ мышу.** Псалъэ мыхъумыщIэ, къемызэгъ.

### 2.4. Мыхьэнэ зэхэжыхьа зиIэ хьэл ФЗ-хэр

Мыр нэхъ гуп цIыкIуитIу гуэшыжащ:

а) ЗэхьэкIа-метафорэ мыхьэнэ зимыIэ хьэл ФЗ-хэр:

**афIэкIа хэмылъу**. ЗанщIэу, пIалъэ къыхэмыкIыу.

**кIуэрыкIуэм тету.** 1. Гъуэгу тету здэкIуэм, кIуэрэ пэт, къэмыувыIэу. 2. ЗанщIэу, фIыуэ емыгупсысауэ.

Мы ФЗ лIэужьыгъуэхэм я нэхъыбапIэр щапхъэ къэтхьахэм ещхьу псалъэ (Iыхьэ) тIурытIу зэхэтщ. Ауэ урохьэлIэ нэхъыбэу зэхэтхэми:

**и нэм щIыр имылъагъужу**. Гужьеяуэ, пIащIэу.

**абы фIэкIа хэмылъу**. Зэуэ, занщIэу, а зы нэIэрыкум.

б) ЗэхьэкIа-метафорэ мыхьэнэ зиIэхэр:

**и кIэр иудэу**. Хьэлыншэу, щIыкIейуэ.

**узижагъуэм и махуэу**. Хьэлэчу, гужьеигъуэу.

### 2.5. Зэгуэгъу тIурытIу зэхэжыхьауэ е синтагмэ зэкъуэту щыт ФЗ-хэр

Мы гупыр щыуэ гуэшыжащ:

а) Синтагмэ занэу тIу е псалъитI псалъэзэпыщIэкIэ (псалъэзэпыщIэ-лъабжьэужькIэ) зэпхауэ лэжьыгъэцIэ (предикат) ямыгъусэу: *анэнэпIэсрэ гупкIэ тIысыпIэрэ, сэ гъущэрылъэрэ фызым къызэщIигъэплъа лIырэ;* н.къ.

Мы щапхъэ къэтхьахэм къызэрагъэлъагъуэщи, мыхэр псалъэжьу къагъэсэбэп жыIэгъуэхэщ, лэжьыгъэцIэ-гъэзэщIэн хэмытми, хэтын хуейр «мы зэдгъапщитIри зэхуэдэщ» мыхьэнэр къызэрыкI лэжьыгъэцIэщ, н.ж. мыр псалъэухам нэхъ йокIуалIэ, макъщIыкIэкIэ гупсысэ уха мэхъу. Аращи, дэ тфIэкъабылкъым мыхэр ФЗ-уэ бжыныр.

б) Мы гуприпсалъэзэпыщIэкIэ зэпха экзоэлементхэщ, е лэжьыгъэцIэ пыухыкIа гуэр ящIыгъуу, е цIэиIуэ хуэдэу къагъэсэбэпу: *кIэрыпхыни кIэрыплъхьэни* (щыIэкъым); *нэкуи напIи* (иIэжкъым); *екIи фIыкIи; ахъши бохъши; нобил ныжэби; хьэми кхъуэми; жьыи щIэи,* н.къ.

в) Мы гуп мащIэр мо япэ итхэм къащхьэщокI псалъэзэпыщIэ зэрахэмытым-кIэ. Мыбыхэм зыхэщIэ нэхъ яхэлъщ, н.ж. ФЗ-уэ зэрыщытым шэч нэхъ къыто-мыхьэу щытщ: *гъэшкъым, шыпскъым; унэкъым, жьэгукъым; гъуапэкъым, пщампIэкъым*, н.къ.

### 2.6. Тавтологие зэхыхьэу щыт ФЗ-хэр

ПсалъэзэпыщIэкIэ зэпхауи псалъэзэпыщIэншэуи щыIэщ мыпхуэдэ ФЗ-хэр: *хуейми хуэмейми; псэуаи мыпсэуаи; къелыни къемылыни*, н.къ.

ПсалъэзэпыщIэншэу зэпхахэм я щапхъэ: *зы махуэ зы махуэкIэ; и нэ къэт-къым, и Iэ къэткъым; уэ жепIа, сэ жесIа; зэ мыхъуми зэ*, н.къ.

### 2.7. ЗэхэлъыкIэ гугъу зиIэ ФЗ-хэр

Мыбы Къардэн Бубэ хигъэхьэхэр компонентищу е нэхъыбэу зэхэтхэрщ. Апхуэдэ ФЗ-хэр лIэужьыгъуищу зэхэбгъэкI хъуну жеIэр – тIур лэжьыгъэцIэ хэту,

ещанэр цӀэуэ. Лэжьыгъэцӏэ зыхэтхэр лӀэужьыгъуитӀ щӀищӀыр ди дежкӀэ гурыӀуэгъуэкъым – щапхъэ къихьхэмкӀэ ахэр я зэхэлъыкӀэкӀи, зыхэщӀэ яхэлъкӀи, нэгъуэщӀ гуэркӀи зэщхьэщыкӀыу ди гугъэкъым. Псалъэм папщӀэ, япэ лэжьыгъэцӀэ гупым «псалъэ нэхъыщхьэу масдар хэтщ», етӀуанэ гупыр «псалъэ зэгъусэ» теплъэ яӀэу къагъэсэбэп жиӀэ щхьэкӀэ, дызэхуевгъэплъыт абыхэм я щапхъэхэм: *жьэ мыгъуэ ишхыдыкӀын (1) – нэгъабэ лӀам щӀэгъэхьэжын (2); кӀэн махуэ хэудын (1) – нэ лейкӀэ еплъын (2).*

Ещанэ лӀэужьыгъуэу къыхигъэкӀым и Ӏуэхур щхьэхуэщ – мыпхуэдэ ФЗ-хэм лэжьыгъэцӀэ яхэткъыми, я зэхэлъыкӀэр гуп щхьэхуэ пщӀыну щхьэусыгъуэ щыӀэщ: *бжэн лъакъуэ хъыбар; емылъэӀу щӀыхьэху; ин жыӀэ цӀыкӀу Ӏуатэ; мэлыфэ зытеубгъуа дыгъужь*, н.къ.

## 2.8. ЦӀэ зэхэлъхэр

Еянэ гупу Къардэн Бубэ игъэувыр цӀэ зэхэлъхэр, фӀэщыгъэцӀэ зэмылӀэужьыгъуэхэрщ [Карданов 1973: 71-72]. Мыпхуэдэхэр лӀэужьыгъуитӀ ещӀ:

а) къэкӀыгъэцӀэхэр: *банэ щхьэхъурей* «мордовник шароголовый»; *бэрэжьей фӀыцӀэ* «бузина черная»; *хьэ бжьыныху* «лук круглый», н.къ.

б) нэгъуэщӀ фӀэщыгъэцӀэ зэмылӀэужьыгъуэхэр: *шэ теха* (щӀэхуа) «снятое молоко»; *гъуэжь уз* «желтуха»; *мысостей бжьыщ* «ефэ-ешхэм къыкӀэрыхуам тазыру тралъхьэу щыӀа хабзэщ); *мафӀащхьэ джэд* (гъэрэ щӀырэ щызэхэкӀ махуэм тхьэлъэӀуу яукӀ джэд фӀыцӀэ); н.къ.

ИщхьэкӀэ къызэрыщыдгъэлъэгъуащи, иджырей щӀэныгъэм шэч къытрихьэркъым мыпхуэдэ фӀэщыгъэцӀэ (термин) псори ФЗ-хэм хэбгъэхьэ зэрымыхъунум, къэхъугъэ псоми я цӀэ псалъэхэм ещхьу.

## 2.9. Шэрыуагъ зыхэмылъ псалъафэхэр

Мы гупым хагъэхьэ ФЗ-хэм я нэхъыбапӀэри ФЗ-уэ фӀэщщӀыгъуейщ. Къардэным мы гупым цӀэуэ фӀещ «бзэм и штамп, шэрыуагъ зыхэмылъ псалъафэ ФЗ-хэр».

ЗэрыжытӀащи, шэрыуагъ, зэхьэкӀа мыхьэнэ зыхэмылъ ФЗ щымыӀэу аращ иджырей бзэщӀэныгъэм зэригъэувыр. Сыт щхьэусыгъуэкӀэ мы къэкӀуэнухэр ФЗ-уэ жыпӀэфыну: *абы ищӀыӀужкӀэ; ауэ (апхуэдэу) щыт пэтми; сыту щрети; сыт илъэныкъуэкӀи; Ӏуэхур зытетыр;* н.къ.

ЕтӀуанэ лӀэужьыгъуэм – «бзэм и штамп зэлъэӀэс занэ» жыхуиӀэми девгъэплъыт: *сыт хъыбар?; улӀэмэ нэхъыфӀщ; икӀэри ипэри аращ*, н.къ.

## 2.10. Урысыбзэм и ФЗ калькэ ящӀахэр

Бзэхэм я хьэлщ псалъэхэм ямызакъуэу, ФЗ-хэр нэгъуэщӀыбзэхэм къырахыу. Куэд дыдэ мыхъуми, адыгэбзэми хэбгъуэтэнущ урысыбзэ ФЗ-уэ къыхыхьахэр. Псалъэм папщӀэ, «лъакъуэ сэмэгукӀэ къэтэджащ» жаӀэ къэгубжьам, къытехьам папщӀэ. Мыр урысым и «встал с левой ноги» жыхуаӀэр зэрадзэкӀауэ аращ. Ауэ Къардэн Б. мы гупым я щапхъэу къихьхэр нэгъуэщӀщ: *гъэ еджэгъуэ* «учебный год», *скобкэм дэгъэувэн* «поставить в скобки», *артиллерие хьэлъэ* «тяжелая артиллерия», *блын газет* «стенная газета», *зауэ щӀыӀэ* «холодная война», н.къ.

Тыншу гу лъыботэ мыбыхэм ФЗ зэрахэмытым, атIэ фIэщыгъэцIэ, псалъэ зэхэлъ защIэу ахэр зэрыщытым.

Аращи, зи гугъу тщIа гупым хуэдэ пщIы хъунуми, абы хыхьэнур «лъакъуэ сэмэгукIэ къэтэджын» жыхуэтIам хуэдэхэрщ. Мыхэр нэхъыбэу зыхэбгъуатэр зэрадзэкI литературэрщ (ар художественнэ произведенэ ирехъу, е газетым, журналым къытрадзэ публицистикэу щрет). Бзэм ирипсалъэхэм псори къащтэркъыми, къэхутэныгъэ щхьэхуэ егъэкIуэкIын хуейщ «мы урыс ФЗ-р адыгэбзэм къищтащ» жыпIэу шэч къытомыхьэу къэбгъэлъэгъуэн папщIэ. Нэхъри Iуэхур гугъу зыщIыр бзитIми ФЗ хэтхэщи арaщ, я зэхэлъыкIэкIэ зэтехуэу, ауэ ФЗ-р зым ейщ, адрейм а зейм къыIихащ жыпIэну щхьэусыгъуэ уимыIэу. Псалъэм папщIэ, урысым жаIэ: «в глазах темнеет», адыгэми яIэщ: «и нэр щоункIыфIыкI». Мыбдеж дэтхэнэ бзэми и ФЗ-р езым къызэригъэщIыжам шэч къытехьэгъуейщ. Апхуэдэ щапхъэхэр куэду бгъуэтынущ.

## 2.11. Компаратив (егъэщхьыныгъэ, елъытыныгъэ) ФЗ зэхьэкIа мыхьэнэ зиIэхэр

ФЗ зэхэжыхьахэм дащытепсэлъыхьым жытIауэ щытащ компаративхэр ФЗ-уэ зэрыщытым щIэныгъэлI куэдым шэч къызэрытрахьэр. Псом хуэмыдэу псалъэзэпыщIэкIэ къэхъухэрщ ФЗ-м емыкIуалIэу жыхуаIэр (*хуэдэу, ещхьу, нэхъей*): *и щхьэм шху къекIыха хуэдэ; танэм ягъэдела выжь нэхъей; и анэм къызэрилъхуам хуэдэу (пцIанэщ);* н.къ.

ПсалъэзэпыщIэр щахэмытыжым и деж егъэщхьыныгъэ (елъытыныгъэ) зэхыхьэхэр ФЗ-м нэхъ ещхь мэхъу: *Хъуэжэ и бэщмакъыу (зыкъригъэнащ); псыпцIэ къамылу (дэжеящ); фо къызыщIахуа безу (егъэныщкIу); хьэгъуэлIыгъуэ чейуэ (зэрадзэ)* н.къ.

Мы щапхъэхэм тхыхьхэм дэту лэжьыгъэцIэ псалъэ къащIыхуэтхьар инэхъыбапIэм а псалъэхэр япыту къызэрыдгъэсэбэпыращ. Абы къыхэкIкIи псалъалъэхэм мыпхуэдэ ФЗ-хэр лэжьыгъэцIэ псалъэ нэхъ ящIыгъу хабзэр пыту иратхэ [Бэрбэч, БищIо, IутIыж 2001]. Дэри нэхъ тфIэзахуэщ апхуэдэ къэхьыкIэр.

## 2.12. ПсалъэзэпыщIэ псалъэ зэхэлъхэр

Мыпхуэдэ гуп Къардэн Бубэ ищIыр псалъэзэпыщIэ псалъэ зэхэлъхэращ: *апхуэдэу щыщыткIэ; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ; абы къыхэкIкIэ,* н.къ.

Иджырей щIэныгъэм къызэрилъытэмкIэ, мыхэр псалъэ зэхэлъу фIэкIа, ФЗ-м хуаIуэху щыIэкъым.

## 2.13. ФIэхъусхэр, хъуэхъухэр, н.къ.

Мы гупым Къардэным хегъэхьэ фIэхъус, хъуэхъу, тхьэрыIуэ, гыбзэ сыт хуэдэхэр: *уи махуэ фIыуэ! Фи жэщ фIы ухъу! Зэпытрэ зэкIэсу укIуэ! берычэт бесын! Бжэгъупэ махуэ хэвусэ! Жьыщхьэ махуэ ухъу!* н.къ.

Къэтхьа щапхъэхэм щхьэкIэ фразеологием елэжьхэм я IуэхуеплъыкIэр зэтехуэркъым. Псалъэм папщIэ, хъуэхъухэмрэ гыбзэхэмрэ IуэрыIуатэм и жанр лIэужьыгъуэщ, ахэр ФЗ-хэм щIахыубжэн щыIэу къыщIэкIынукъым, дэ дызэреплъымкIэ.

## 2.14. ІуэрыІуатэ жыІэгъуэ, бзэм куэд лъандэрэ къигъэсэбэп эпитет ху-эдэхэу ФЗ хъуахэр

ІуэрыІуатэм къыщежьа ФЗ-хэщ мы къэкІуэнухэр: *емынэ шу (шужьей); лІы и жэщ; тхьэрыкъуэ пщэху; иныжь и жей; данагъуэ Іупэ;* н.къ.

Мыбыхэм я лъабжьэр кузуэ зэрыщытым къыхэкІкІэ жьы хъуауэ и мыхьэнэр нэхъыбэм къагурымыІуэж псалъэхэм (псалъэ гъэпсыкІэхэм) уащрохьэлІэ.

## 2.15. Рифмэ зыхэт аллитерацэхэу ФЗ хъухэр

Мы гупым и щапхъэу къэхьахэр, къанэ щІагъуэ щымыІэу, псалъэжьхэщ: *и щхьэр мыузу боз ирешэкІ; бацэхэплъ нэплъэжыгъуэ егъуэт;* н.къ.

## 2.16. Каламбур зэхыхьэ ФЗ-хэр

Мыхэри 2.15. гупым къазэрыщхьэщыкІ щыІэкъым: *къэзылъэфри зылъэфы-жри пщІэркъым; бэмпІэгъуэ лъхуэри зэгуэудыгъуэ къилъхуащ; пщэдей махуэщ, къэунэхури мазэщ,* н.къ.

Пэжщ мыбы и лІэужьыгъуэу къыхигъэкІ, сабийхэм яхуэгъэзауэ щІэнакІалъэ хуэдэу къагъэсэбэп псалъафэхэм яхэтщ ФЗ-м хуэпхь хъун закъуэтІакъуэ: *гуэгуш джэдыкІампІэ* – зи нэгур гуэгушым жраІэ; *гъуэншэджыншэ хъыраншу;* н.

## 2.17. ЗэпэщІэуэныгъэ зыхэлъ параллелизмхэу ФЗ хъухэр

Мы гупым и щапхъэхэр псалъэжьым нэхъ хуокІуэ, ФЗ-м нэхърэ: *Іэмбатэ зэрымытым Іэтэ ирегъэувэ; псалъэ ІэфІрэ гу фІейуэ; яхьри зыхьри мэгугъэ*, н.

## 2.18. Псалъэ шэрыуэхэр, афоризмхэр, цІыху цІэрыІуэхэм, тхакІуэхэм жаІахэр

Мы гупым и щапхъэхэри зэрыщыту псалъэжьхэщ е ІуэрыІуатэм «псалъэ Іущхэр» жаІэу къыхагъэкІ жанр лІэужьыгъуэм хохьэхэр: *Щхьэм хуэфащэ пыІэ щхьэрыгъыжын хуейщ* (КІыщокъуэ А.). *Щхьэм имытмэ, жьакІэр бацэщ* (Шортэн А.). *Уи Іэдакъэ щІэмыкІар хьэрэмщ* (Къэзанокъуэ Ж.). *Бацэмрэ щынэцымрэ зэхэбгъэзэрыхьащ* (Агънокъуэ Л.), н.

АдэкІэ фразеологие зэхэтым хэбгъэхьэ хъуну къилъытэу Къардэным къехь «зэхьэкІа мыхьэнэ зиІэ псалъэжь» куэд дыдэ [Карданов 1973: 82-86]. Дэ абыхэм дакъытеувыІэркъым, с. ж. сыт хуэдэ зэхэлъыкІэ (ухуэкІэ) ямыІэми, ахэр псалъэжьу къонэж, ФЗ хъуркъыми.

## 3. ФЗ зэгъусэхэр

Мы ФЗ лІэужьыгъуэм хыхьэ псоми я нэщэнэу Къардэн Б. къигъэлъагъуэр абыхэм зэхьэкІа-метафорэ мыхьэнэ зэрамыІэрщ, н.ж. щІэныгъэлІхэм я нэхъыбэм ФЗ-м Іэмал имыІэу хэлъын хуей нэщэнэр. ИкІи аращ мыхэр ФЗ-уэ абыхэм къыщІамылъытэр. ЗанщІэу къыжытІэнщи, дэри дарителъхьэщ абыхэм. Ауэ, дауэ щымытми, къэдгъэлъэгъуэнщ ФЗ зэгъусэхэм хыхьэу Къардэн Бубэ къилъытэхэр мыпхуэдэу гупитІу зэригуэшыр:

1) лэжьыгъэцІэ е цІэ аналитикэ зэхэлъыкІэхэр; 2) зи компонентхэм ящыщ зым ФЗ-м мыхьэнэщІэ щызыгъуэтхэр.

### 3.1. Аналитикэ зэхэлъыкIэ ФЗ-хэр

**а) лэжьыгъэцIэ зэхэлъыкIэ.** Апхуэдэ зэхэлъыкIэ зиIэ ФЗ хъуурэ къалъытэр лэжьыгъэцIэ дэIэпыкъуэгъу *хъун, щIэн* жыхуиIэхэм къагъэхъухэрщ: *лIы хъун, бысым щIын,* н. къ. Къардэным жеIэр а лэжьыгъэцIэ дэIэпыкъуэгъухэм къагъэхъу зэхэлъыкIэхэр тIууэ зэхэгъэкIын хуейуэ – гъэзэщIэным и аналитикэ гъэпсыкIэрэ ФЗ-уэ. Псалъэм папщIэ, **лIы хъун** жиIэмэ ФЗ-щ, **инженер хъун** жиIэмэ цIэ-гъэзэщIэн зэхэтщ. Япэр зы мыхьэнэ зэхэтщ (зы псалъэм похъу), лэжьыгъэцIэм мыхьэнэ щхьэхуэ мыбы щиIэкъым, етIуанэм деж а лэжьыгъэцIэм и мыхьэнэр зэрызихъуэж щIагъуэ щымыIэу къызэтонэ [Карданов 1973: 87]. Ауэ иджыри зэ къыхыдогъэщри, Къардэным ФЗ-уэ игъэувхэм къагъэлъагъуэр мыхьэнэ занщIэщ, зэхьэкIакъым, метафорагъ, шэрыуагъ яхэлъкъым абыхэм: *щхьэщэ щIын, шэджагъуашхэ щIын, ислъэмей щIын, мурад щIын, нащхьэ щIын*, н.къ.

ЛэжьыгъэцIэ дэIэпыкъуэгъухэр зыхэт конструкцэхэр ФЗ-уэ къыщылъытапхъэр абыхэм зэхьэкIа мыхьэнэ щагъуэтым дежщ. Псалъэм папщIэ:

**щхьэуназэ хъун.** ПщIэнур умыщIэжу укъэнэн, хэзэрыхьын, щхьэр кIэрэхъуэн. *ЦIыху гупыр щхьэуназэ хъуауэ зэ зы лъэныкъуэмкIэ, зэ нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ зэрыхьырт* (КIэрашэ Т.).

**б) цIэ конструкцэхэр (цIэ+цIэ).** Мыпхуэдэ щапхъэ Къардэным къихьхэм я нэхъыбэри ФЗ-къым, зэхьэкIа мыхьэнэ зэрамыIэм къыхэкIыу. Езы авторми жеIэр мыбыхэм гурыIуэгъуэ гуэр къызэрагъэлъагъуэр, апхуэдэ гурыIуэныгъэхэр къызэрыбгъэлъэгъуэн псалъэ щхьэхуи бзэм зэримыIэр [Карданов 1973: 90]: *жьы хъугъуэ; ахъшэм кIыфI; адыгэ фащэ; бжьэ къэпщIыгъуэ; мазэ къэунэхугъуэ; дыгъэ къыщIэкIыгъуэ;* н.къ.

Зырызыххэ урохьэлIэ ФЗ-хэм хэбгъэхьэ хъуну, псалъэм папщIэ, *унэ ихьэгъуэ* («хъыджэбзым и лIы дэкIуэгъуэ» мыхьэнэ къикIыу), *пIастэ Iыхьэ* («ерыскъы» мыхьэнэ иIэу).

### 3.2. Зи компонентхэм ящыщ зым мыхьэнэщIэ игъуэт ФЗ-хэр

Компонентхэм ящыщ зыр и мыхьэнэкIэ «щхьэхуимыт хъуныр» я нэщэнэщ ФЗ зэхэжыхьахэми, ФЗ зэхэтхэми. ФЗ зэгъусэхэр абыхэм къазэрыщхьэщыкIыу Къардэным жыхуиIэр мыхэр «апхуэдэ дыдэу къуза зэрымыхъухэращ». КъыжыIапхъэщ ар критерий быдэу зэрыщымытыр, щхьэж езым къызэрыщыхъум нэхъ зэрепхар, апхуэдэу щыщыткIи щIэныгъэм зэрытемыгъэпсыхьар.

ИтIанэ мы Iыхьэм щапхъэу къыщыхьахэр ФЗ-уэ пхужыIэнукъым, гурыIуэгъуэ пыухыкIа къэзыгъэлъагъуэ псалъэ зэхэлъу фIэкIа: *жьэрымэ гъэун; ныса-щIэм техьэн; азэн джэн; фыз къэшэн; щIыIэ хыхьэн;* н.къ.

Зыбжанэ къэдгъуэтащ мыхьэнэ зэхьэкIа яIэу, ФЗ хъуауэ убж хъуну:

**мафIэ едзын.** Зыгуэр бэлыхь хэдзэн, щыхьэн.

**и цIэ иIуэн.** Зыгуэрым тыгъэ хуэщIын, зыгуэркIэ гу лъытэн.

Ауэ мыпхуэдэ щапхъэ зырыз хэбгъуатэри зыкIи къащхьэщыкIыу гу лъыттакъым апхуэдэ лIэужьыгъуэу ФЗ зэхэжыхьахэмрэ ФЗ зэхэтхэмрэ къыщыхьахэм (еплъ ищхьэмкIэ).

Аращи, псалъалъэм бгъэкIуэн хуей фразеологизмхэр (псалъафэхэр) къыхэхынымкIэ гъуазэ нэхъыщхьэу щыIэр мыхьэнэ бгъэдыхьэкIэрщ. Дэ къытфIощI

Къардэн Бубэ абы и лъэныкъуэкIэ зэхигъэува классификацэм и мыхьэнэр нобэр къыздэсам къыпхуэмыIуэтэным хуэдизу ину. Ауэ дяпэкIэ фразеологием и псалъалъэ зэхалъхьэну иужь ихьэнухэм Iэмал имыIэу Iуэхум къыхалъытапхъэщ иужькIи фразеологием елэжьахэм Къардэным и класссификацэм егъэфIэкIуэ-ныгъэу халъхьахэр, дыщIагъужахэр.

## ТЕГЪЭЩIАПIЭХЭР


Амосова 1963 − *Амосова Н.Н.* Основы английской фразеологии. − Ленинград: Ленинградский университет [ЛГУ], 1963. − 206 с.

Балли 1961 – *Балли Ш.* Французская стилистика. − М.: Издательство иностранной литературы, 1961. − 394 с.

Булаховский 1953 – *Булаховский А.А.* Введение в языкознание. − М.: Учпедгиз, 1953. Т. 2. − 180 с.

Бэрбэч, БищIо, IутIыж 2001 − *Бэрбэч Б. Ч., БищIо Б. Ч., IутIыж Б. Къу.* Адыгэбзэ фразеологизмхэм я псалъалъэ. Налшык: Эльбрус, 2001. 240 н.

Карданов 1968 – *Карданов Б.М.* Кабардино-русский фразеологический словарь. − Нальчик: Эльбрус, 1968. − 341 с.

Карданов 1973 − *Карданов Б.М.* Фразеология кабардинского языка. − Нальчик: Элбрус, 1973. − 248 с.

Шаов 1980 − *Шаов А.А.* Некоторые вопросы адыгской фразеологии // Вопросы адыгейского языкознания. − Майкоп, 1980. Вып. 1. − С. 31-53.

Шаов 1988 – *Шаов А.А.* Основы адыгской лексикографии. – Майкоп: Краснодарское книжное издательство, Адыгейское отделение, 1988. – 223 с.


## REFERENCES


AMOSOVA N.N. *Osnovy anglijskoj frazeologii* [Basics of English Phraseology]. − Leningrad: Leningradskij universitet [LGU], 1963. − 206 p. (In Russ.).

BALLY Sh. *Francuzskaya stilistika* [French stylistics]. − M.: Izdatel'stvo inostrannoj literatury, 1961. − 394 p. (In Russ.).

BERBECH B.CH., BISHCHIO B.CH., IUTIYZH B.K"U. *Adygebze frazeologizmekhem ya psal”al”e* [School phraseological dictionary of theKabardino-Circassian language]. − Nalchik: Elbrus, 2001. − 240 p. (in Kabardino-Circassian).

BULAKHOVSKY A.A. *Vvedenie v yazykoznanie* [Introduction to linguistics]. − M.: Uchpedgiz, 1953. T. 2. – 180 p. (In Russ.).

KARDANOV B.M. *Kabardino-russkij frazeologicheskij slovar'* [Kabardino-Russian phraseological dictionary]. − Nalchik: Elbrus, 1968. − 341 p. (In Russ., in Kabardino-Circassian)

KARDANOV B.M. *Frazeologiya kabardinskogo yazyka* [Phraseology of the Kabardian language]. − Nalchik: Elbrus, 1973. − 248 p. (In Russ.).

SHAOV A.A. *Nekotorye voprosy adygskoj frazeologii* [Some issues of Adyghe phraseology]. In: Voprosy adygejskogo yazykoznaniya. − Majkop, 1980. Vyp. 1. − P. 31-53. (In Russ.).

SHAOV A.A. *Osnovy adygskoj leksikografii* [Basics of Adyghe lexicography]. − Majkop: Krasnodarskoe knizhnoe izdatel'stvo, Adygejskoe otdelenie, 1988. – 223 p. (In Russ.).



**Авторым теухуауэ**

БищIо Б.Ч. – филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор.

**Information about the author**

Bizhoev B.Ch. – Doctor of Philology.

**Информация об авторе**

Бижоев Б.Ч. – доктор филологических наук.

Тхыгъэр редакцэм кърагъэхьащ 13.12.2025 гъ.; рецензэ нэужьым къащтащ 15.03.2026 гъ.; къытрадзэнущ 30.03.2026 гъ.

The article was submitted 13.12.2025; approved after reviewing 15.03.2026; accepted for publication 30.03.2026.

Статья поступила в редакцию 13.12.2025 г.; одобрена после рецензирования 15.03.2026 г.; принята к публикации 30.03.2026 г.